ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ МИНИСТИРЛИГИ.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.

Қарақалпақ тили филологиясы факултети.

Журналистика тәлим бағдары.

Қарақалпақ фолклоры пәни.

# РЕФЕРАТ

Тема: «Қарақалпақ районларының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар»

Таярлаған: Төреев Н.

Қабыллаған: Алламбергенова И.

Нөкис 201w.

*Жобасы:*

Крисиў бөлими

Тийкарғы бөлим

q. «Шымбай» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.

w. «Төрткүл» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.

e. «Шоманай» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.

r. «Қанлыкөл» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.

Жуўмақлаўшы бөлим.

Пайдаланылған әдебиятлар.

*Кирисиў бөлими.*

Аңызлардың тийкарғы белгилери, аңызларда тарыйхыйлық сюжетлер баслы әҳмийетке ийе болып, сол ҳәдийселеоди анықлап, түсиндирип бериўге диққат аўдарылады. Аңызлардың қаҳарманлары тарийхта болған шахслардан ибарат болып, онда жоқары ғайри тәбийий күшлео ушраспайды, сюжетлер аз компазитсялық қурылыс жетерли дәрежеде турақлы емес. Вариантлары көп өзгешкликлери менен ажралып турады. Әпсана менен аңызда олардың ең тийкарғы өзгешелик, олардың тарыйхқа болған қатнасы менен белгиленеди. Егер ўақыяның мазмуны қаншелли дәрежеде турмыслық ҳақыйқатлықтан алыс болса олар әпсана болады ал, ўақыя тарыйхый ҳәдийселерге қаратылған болса ҳәм сол обектти анықлаўды мақсет етке болса онда ол аңыз болады.

*Шымбай районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.*

Шымбай қаласының қайсы дәўирлерде пайда болғаны, қаланың Шымбай деп аталыўының себеплери ҳәм оның биринши мәкан басып, тийкарын салған ким екенлиги ҳаққында халық арасында бирнешше аңыз, әпсаналар бар. Шымбай сөзиниң адамның аты екенлиги Хийўа ханы Абулғазы Баҳадирдиң «Түриклер шежиреси» атлы китабында Батыўханның бес иниси болған деп жазады олардан: Урду, Шайбан, Берке,Шымбай, Барақша деп аталған. Хан тухамынан өрбиген шахзадаларға дийханшылыққа, шарўашылыққа қолайлы болған жерлерди бөлистирген ўақытлары, ҳәзирги қаланың әтирапы, аймағы Батыўдың бес инисиниң бир Шымбайдың үлесине тийген мәкан

болыўы да итимал. Шымбай қаласы әййемги ўақытлардан пайда болған қалалардың бири.

Ерте заманларда қаланың жайласқан әтирапында қалың тоғайлық болып, онда торанғыл, шөл ағашлары жүдә көп болған ҳәм усы тоғайдан бир өзек ағып турған. Бирақ тоғайдың ишинде өзектиң бойында ел болмаған. Бул жерге узағрақ жерден адамлар отын алыўға, усталар келип арба,шығырлар соғыўға талдан кегей кесип алып, усташылық, өнерментшилик кәсиплерин раўажландырған. Тоғайдан көп муғдарда кегей ағашларын кесип пайдаланып турғанлықтан, суў ағып турған өзектиң аты соннан «Кегейли» атанып кеткен деген болжаўлар ҳақыйқатлыққа дурыс келеди. Сол жыллары болған бир ашаршылықтың салдарынан Шыныбай деген жигит ҳаялы менен бирге өз елинен шығынып кетип, жолы сол тоғайға түсипти. Сол жер ҳәзирги Шымбай қаласының қурылған

жериндеги кегейли каналының сол жағасына қоныс басқан екен. Ол арнаның бойынан бир қолайлы жер таўып тары егип, кегейлиге керши салып балық аўлайды. Кегейлиниң оң жағына өтиў ушын сал соғып, өткел паром ислейди. Бул балық аўлаўға, еки жағысқа қатнаўға жүдә қолайлы болады. Бара-бара Шыныбайдың балығы мол, егини питик болып қурғынласа баслайды. Солай етип, қалада майда өнерментшилик кәсипшилиги, зергершилик, етик тигиўшилик, нгағыс тигиўшилик кең раўажлана баслайды. Бул ўақытлары Шыныбай дөгеректеги халықларға  лақабы жайылған белгили бай адам болып танылады. Демек Шымбай қаласының дәслепки аталыўын оған тийкар салған Шыныбай деген адамның аты менен аталғанын көремиз. Дәслеп Шыныбай кейинала жеңиллестирип Шымбай болып аталып кеткен болыўы итимал. Шымбай ҳаққында халық арасында ҳәр қыйлы аңыз

әпсаналар бар. Биз сол әпсаналардан анығрақ түсиник алыўымыз ушын сизлерди бир варианты менен таныстырып өтпекшимиз. Бул маканға келип, Шыныбайдың басына бахыт қусы қонып, оның күннен-күнге байлығы өсип, үй-үскенелеүрин де дүзеп кимсең аты Шыныбай болып аты-заты елге танылa баслайды. Бул хабар өзиниң журтына да барып жетеди. Шыныбайдың тасы бул хабарды еситип, излеп келип қонақ болады. Баласы менен сырласып, әнгемелесип үйинде бираз жатып шаршағанын шығарады. Шыныбай да атасын қонақ қылып жақсы ҳүрмет көрсетипти. Арадан бирнешше күн өтип атасы жүрермен болып баласынан жуўап сорайды. Сонда баласы Шыныбай атасына үйирлеп жылқы, падалап мал, қоралап қой алып кетиңиз деп атасына ғамхорлық жәрдем көрсетпекши болыпты. Атасы бунның бәрин де қабыл етпей, мен енди малды не қылайын, өзиңе несип етсин депти. Атасы жүд1

сыншыл адам екен. Келгеннен бермаған барлап қарап Шыныбайға дәўлетин қайдан питкенин, қайсысының бағына бола жыйналып турғанын айыра алмай ақылы ҳайран еди. Хошласып, далаға шығып аттың үстине мингеннен соң жән-жақты барлап қараса, шетиректе қораның сыртында бир ийттиң жатқанын көрип, сер салыа қараса Шыныбайдағы «қут дәўлеттиң» бары жоғы ийтте турғанын аңлайды.

Атасы «балам анаў жатқан ийтти шақыр» дейди оған, Шыныбай «Қутлыаяқ» деп шақырыўдан, ийт келип қуйрығыын былғаңлатып турады. «Ҳә балам, үй жалғыз, уры-өтирик бар, усы ийтинди берсең дүнья малынды бары-жоғын бергендей көрейин» дейди атасы. Шыныбай «жақсы» дейди де ийттиң мойнына байлаўға жип излеп үйине киреди.

Соның арасында ийт үйге тутыўлы турған туўрылыққа сарыйды. Шыныбай ийттиң мойнына

жип тағып, атасының тебингисине береди. Ғарры ийтке қараса бағанағы «қут» ийтте жоқ екен, қайда кетти деп  болжаса, ол үйге тутыўлы гөне туўрылықта турғанын көреди.

«Ҳә балам, мине ийтиң де өзиңе қутлы болсын, ғарры киси алып жүре алмаспан, жиберебер, мени қуры кетпегенимди мақул көрсең, үйиңниң оң жағында тутылған туўрылықты алып мениң артыма бөктер» деп сорайды. Шыныбай «жақсы» дейди де, үйдиң оң қапталындағы белдеўин шешиўге айналысады.

Соның арасында бир көк тоқлы келип ийттиң сарыған жерин жалайды, ғарры қараса бунда да «қут» жоқ болып шығады. «Ҳаў бул қалай болды» деп жән-жаққа серлеп қараса, «қут» сол жерде турған тоқлыда турғанын көреди. «Өзим ғарры кисимен, буған айланып кешигип қалдым, бүгин хеш жаққа кете алмаспан» дейди. «Ата онда бүгин

лде қон, ертең кетерсең» дейди Шыныбай. Онда «мынаў турған көк тоқлыны сойып, гелле-бас сыйрағын алдыма қояасаң, соны жеп пәтиямды берип-ақ кетейин» деп аттан түседи ғарры. Бирақ тоқлының тилиниң ушын Шыныбайдын баласы жеп қойады да ғарры тоқлыдан «қут»ты таба алмай «қут» Шыныбайдың баласы төрт жасар Дәўқараға өткенин көреди. Буннан кейин атасы Шыныбайды шақырып «ҳә балам мен саған қонған дәўлетти әўладымның бәринде тегис болдыраман деп едим жоқ, сениң өзиңе несип еткен екен, Дәўқараны таза сақла» деп пәтиясын берип атланып кетеди.

## Ш. «Төрткүл» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.

Төрткүл деп аталыўында, халық аўзында аңыз, әпсаналар ҳәм дереклердиң бир нешше вариантлары ушрасады. Усыған байланыслы биреўлер : «Қаланың әтирапында төрт көл болған» дейди. Соннан Төрткүл аталып кетилген десе, екинши бир аңызда «Төрткүл» аўылының турған орнында төрт бай болған. Олар өзлериниң шарбағына жарыспаққа гүл егеди екен. Соның ушын сол байлардың мәкан басып отырған жери «Төрт гүлли» жер деп лақап кешип кеткен.

Және бир аңызда аўылдың ортасында өтетуғын дәрбент жолдың бойында қолы гүл төрт қатын жасаған, олар бармағы ойылған тигинши, нағыс тиккишш шебер ҳаяллар болған, олар өзлериниң тиккен кестелерин ҳәр дайым дәрбент жолға жолға шығарып, өткен-кеткен жолаўшылар менен саўда

ислейди екен. Булардың шеберлигине ҳәўеси келген адамлар  оларды «Төрт гөззал», «Төрт гүлши» деп атап, атақлары әлемге таралып кетеди. Рус патшалығы салған Петор-Александровск қорған қаласы бурынғы Төрткүл жаптың ени бойына жайласқанлықтан, жергиликли халық оны «Төрткүл» деп аталыўына тийкар болған дейди.

## *е. «Шоманай» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.*

«Шоманай» атамасы халық аўзында қыздың атынан келип шыққан деген әңгимелер жүреди. Бул ҳаққында төмендегише аңыз бар. Аңызларда Шоманай деген қыз Шымбайдың қызы болған деп айтылады. Ол түскен жерине барғанында ол жерде ҳеш қандай егин егетуғын жер болмаған екен, ҳәмме жер шөлистанлық болған деседи. Шоманай сол

аўылдан канал қаздырып дийханшылық етиўге суў әкелдиреди. Канал қазыўшыларда өзи аўыз суў менен тәминлеп турған, басларына өзи тасып әкелип берип турған. Кейин ала бул канал сол қыздың аты менен атала баслаған. Каналдың әтирапына ел жыйналып үлкен қалаға айланады ҳәм Шоманай деп аталып кеткен аңызлар бар.

## *г. «Қанлыкөл» районының келип шығыўы туўралы аңыз ҳәм әпсаналар.*

«Қанлыкөл» атамасының келип шығыўында төмендегише аңыз ҳәм әпсана бар. Бул жерде ерте дәўирлерде үлкен бир көл болған. Қыстың күнлери көлге муз қатып сол муздың үстинде саўаш болған ҳәм муздың үсти қызыл қанға боялған. Соннан кейин көл қайтып ол жерде адамлар жасай баслаған. Соған байланыслы бул жер Қанлыкөл атанып кеткен болса итимал.

## *Жуўмақлаўшы бөлим.*

Жоқарыдағыларды жуўмақластырып айтқанда аты аталған қалаларда халқымыз бир-нешше әсирлерден брли жасап келеди. Олардың атларының аталаўына байланыслы халқымыз арасында бир қанша қызықлы аңыз ҳәм әпсаналар бар. Бул қалалардың Республикамызда тутқан орынлары айрықша. Усы дәўирлерге жетип келемен дегенше бул жерде жасаған халықлар мәдений мийрасларымызды, үрип-әдетлеримизды усы күнге шекем жетип келиўинде хизметлери үлкен. Усы қалалардың атының келип шықыўына байланыслы аңыз ҳәм әпсаналарды жыйнаў ҳәм изертлеў бойынша алымларымыз тәрепинен изертлеў жумыслары алып барылды.

*Слайд.*


Шымбай
Шыныбай.
Шахтемир
Дәўқара


Төрткүл
Төрт көл
Төрт гүл
Төрт гөззал

*Пайдаланылған әдебиятлар.*

q. Қ.Қунназаров.«Бес қала теңиздиң әтирапы елим»
Нөкис 2010.
w. К. Әбдимуратов. «Бул қалай аталған»
Нөкис 1970.